

## 1. Kisa pwogram pou elèv douwe ki gen talan (Gifted & Talented, G&T) ye?

Pwogram G&T se yon fason NYCDOE mete pou bay enstriksyon espesyalize pou satisfè bezwen elèv eksepsyonèl.

Elèv ki fè yon nòt total G&T 90 oswa pi plis, elijib pou yo aplike nan pwogram G&T Distri yo. Yo ofri Pwogram G&T Distri yo nan lekòl primè distri yo, epi yo bay elèv ki abite nan kominate lokal lekòl yo priyorite. Yo gwoupe elèv ki nan pwogram G&T distri ansanm nan de gwo domèn, men yo ka mete yo nan lòt kou (pa egzanp edikasyon fizik ak art) avèk elèv ki pa nan pwogram G&T.

Elèv ki fè yon nòt total G&T 97 oswa pi plis, elijib pou yo aplike nan ni pwogram G&T Distri ni lekòl G&T vil la. Lekòl Vil la ki gen pwogram G&T aksepte elèv tout borough, epi yo pa bay priyorite dapre distri yon elèv abite. Tout elèv nan lekòl sa yo nan pwogram G&T; yo pa konsidere elèv dapre sektè. Lekòl G&T vil la gen modèl pou tout lekòl la ki aplike kourikoulòm ak pratik enstriksyon ki vize espesyalman elèv G&T.

Gen kèk pwogram G&T ki kòmanse nan klas 3yèm ane. Yo pran elèv nan pwogram sa yo dapre divès mezi, tankou: rannman akademik ke yo ka pwouve avèk nòt ki nan kanè; prezans, avèk siy konpòtman elèv douwe tankou si elèv la gen gwo kiryozite, li montre anpil motivasyon, epi li aprann vit.

NYCDOE pran angajman pou sèvi tout elèv ki kalifye pou yon pwogram G&T, ladan elèv ki gen andikap tou.

## 2. Eske elèv ki gen andikap ka patisipe nan pwogram G&T?

Wi. Nou ankouraje tout elèv—elèv ki gen andikap ladan—k ap antre nan klas kindergarten rive 3yèm ane pou yo patisipe nan pwosesis admisyon nan pwogram G&T. Elèv ki gen andikap ki kalifye pou pwogram G&T ap resevwa sèvis ak sipò yo bezwen nan pwogram G&T a. Andikap yon elèv se pa yon pòt pou gen aksè nan pwogram G&T, epi pwogram G&T se pou yon pòt pou gen aksè nan sèvis edikasyon espesyal. Pou plis enfòmasyon sou kòman NYCDOE bay elèv ki gen andikap sèvis, tanpri al gade [Gid fanmi sou sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj lekòl](#).

## 3. Eske pwosesis admisyon pwogram G&T a fèmen je sou kondisyon andikap?

Wi. Elèv resevwa òf G&T dapre rannman yo bay nan mezi elijiblite yo ak plas ki disponib, san gade si wi ou non yon gen yon Pwogram edikasyon endivididyèl (Individualized Education Program IEP), Pwogram sèvis edikasyon endivididyèl (Individualized Education Services Program IESP), oswa Plan akomodasyon 504 . Elèv yo rekòmande pou mwayen transpò espesyalize resevwa mwayen transpò espesyalize nan lokal pwogram G&T a. Tout lòt elèv kapab resevwa mwayen transpò dapre [gid](#) Biwo mwayen transpò elèv mete.

## 4. Kisa ki pase lè yon elèv ki gen andikap aksepte yon plas nan pwogram G&T?

Lè yon elèv ki gen IEP oswa IESP aksepte yon plas nan yon pwogram G&T, ekip IEP nan lekòl elèv la prale a revize IEP oswa IESP a, konsidere fòs elèv la ak feblès li, epi travay avèk fanmi an pou satisfè bezwen elèv la. Yo edike elèv avèk IEP ak Plan 504 ki nan pwogram G&T ansanm avèk kamarad yo ki nan edikasyon jeneral nan yon anviwònman ki gen mwens restriksyon posib nan dènye limit sa posib.

Ekip IEP yo ap pran ankont kòman gwo nivo enstriksyon elèv la pral resevwa nan pwogram G&T yo pral satisfè bezwen akademik ak sosyal-emosyonèl elèv la, lè yo wè ki sèvis ak sipò edikasyon espesyal elèv la oblige genyen nan anviwònman sa a. Ekip IEP a ap asire tou yo mete nan IEP a, nenpòt sipò ki anplas pou ede elèv la avèk tranzisyon nan pwogram G&T. Si yo vle chanje sèvis ak sipò, lekòl ap fè nouvo evalyasyon pou reflekte bezwen aktyèl elèv la.

## 5. Eske elèv ki gen andikap ka resevwa akomodasyon pou egzamen nan tès G&T?

Wi. Elèv ki bezwen akomodasyon pou egzamen ladan sa ki gen IEP, IESP, oswa Plan 504, kapab elijib pou resevwa akomodasyon nan tès G&T depi akomodasyon an pa chanje sa tès la ap mezire a.

Yo pa konometre tès G&T a pou okenn elèv, epi yo bay tout elèv poz pandan tès la pou dininye tan yo oblige konsantre sou yon sèl travay. Yo bay elèv pre-Kindergarten tès la youn-a-youn kote se moun k ap bay tès la ki li ak ekri pou elèv la.

## 6. Kòman fanmi elèv ki gen andikap mande akomodasyon pou egzamen nan tès G&T?

Fanmi voye yon Demand pou pran egzamen (Request for Testing, RFT) si yo enterese fè pitit yo pran tès G&T a. Fanmi ka voye yon RFT sou entènèt oswa itilize fòm RFT ki nan Manyèl G&T a.

Fanmi gen opòtinite pou mande akomodasyon pou tès la nan seksyon RFT ki make “Testing Services Information”, kote yo ka espesifye tou nan ki lang yo vle pou yo bay pitit yo a tès la. Fanmi ka fè konnen si pitit yo bezwen liv ki gen ekriti an gwo karaktè oswa nenpòt lòt akomodasyon pou egzamen. NYCDOE kontakte fanmi ki chwazi dènye opsyon an dirèkteman pou konfime elijiblite yo pou resevwa akomodasyon yo mande a.

Yo bay elèv ki deja nan yon lekòl NYCDOE (eksepte elèv pre-kindergarten) tès la nan lekòl kote yo ye a nan yon wikenn. Kowòdonatè tès yo konsidere tout bezwen elèv la lè l ap konsidere akomodasyon pou tès yo. Yo teste elèv ki nan pre-kindergarten, lekòl charter, ak lekòl prive lè wikenn. Si yon elèv pa gen IEP, IESP, ni Plan 504, NYCDOE konsidere lòt dokiman ki montre bezwen elèv la genyen pou akomodasyon.

## 7. Kòman fanmi elèv ki gen andikap fè apèl si yo refize yo akomodasyon?

Si fanmi sispièk yo pa bay tès G&T byen, pa egzanp si yo pa aplike akomodasyon an byen, yo sipoze fè Biwo evalyasyon konnen nan ServiceCenter@schools.nyc.gov oswa voye yon lèt bay:

Office of Assessment  
G&T Test Administration  
44-36 Vernon Boulevard  
Room 202  
Long Island City, NY 11101

Pou delè espesifik ak règleman konsènan pwosesis pou fè apèl, tanpri gade Manyèl G&T a.

**8. Kòman elèv ki gen andikap patisiye nan pwogram G&T?**

NYCDOE bay elèv ki gen andikap sèvis ak sipò yo bezwen nan pwogram G&T a. Pwogram G&T varye atravè lekòl nan tèm estrateji ak materyèl pedagojik. Yo pa refize elèv ki gen andikap okenn nan sipò sa yo akoz yo nan anviwònman G&T, epi yo ka resevwa sipò amplis pou ede yo avèk tranzisyon nan G&T.

**9. Eske yo ka evalye elèv pou sèvis edikasyon espesyal pandan yo deja nan pwogram G&T?**

Wi. Tout pwofesè dwe idantifye elèv ki ka bezwen sèvis ak sipò edikasyon espesyal, epi tout elèv dwe gen aksè nan sèvis avan rekòmandasyon ak entèvansyon ki baze sou literacy avan yo kòmanse rekòmandasyon pou sèvis edikasyon espesyal.

Yo sipoze rekòmande elèv G&T yo sispek ki gen yon andikap pou yon evalyasyon. Paran ka fè rekòmandasyon sa a. Lekòl elèv la responsab pou evalye elèv la, epi devlope yon IEP si yo wè li elijib. Si elèv la elijib pou sèvis edikasyon espesyal, elèv la kapab kontinye pwogram G&T epi resevwa sèvis ak sipò edikasyon espesyal,